


BATO ABANDONE, DEGRADE OSWA A RISK

Yon bato degrade se yon bato ki gen tan abandone, swa ki mwatye anba dlo oswa anba dlo nèt oswa ki te fè aksidan sou rivaj la. Bato a risk yo nan yon eta deteryorasyon men yo toujou ap flote. Bato ki abandone, degrade epi a risk yo menase sekirite lòt moun ki ap vwayaje nan bato, yo domaje anviwònman an, epi lakòz kontribyab depanse chak ane plizyè milyon dola pou retire ak jete bato abandone sa yo.



www.miamidade.gov/global/economy/environment/derelict-vessels.page
#StartTodayToSaveTheBay

LI ILEGAL nan Florid pou jete lank oswa mare nenpòt bato ki gen risk pou li vin degrade nan dlo Eta a. Daprè lalwa Florid, yo ka defini yon bato kòm “**A RISK**” si:

- | | | |
|---|---|--|
| Li ap pran dlo.
 | Espas ki fèt pou fèmen yo rete tou louvri pou eleman.
 | Gen tan lage oswa menase pou li detache kite lank li.
 |
| Yo kite li echwe oswa yo estoke li sou rivaj la san yo pa okipe i.
 | Bato a kouche akòz dlo rantre ladan.
 | Pa gen yon mwayen pwopilsyon efikas pou navigasyon san danje.
 |

Pou rapòte yon vesò ki abandone, degrade oswa a risk, rele **DERM** nan **305-372-6955**, oswa soumèt rapò a sou entènèt nan: www.tinyurl.com/baywatch305.